


Apèsi Jeneral: Plan Detaye pou Amenajman Everglades (CERP)



Deskripsyon: Plan Detaye pou Amenajman Everglades (CERP) pral amelyore ekosistèm Sid Eta Florid lè yo renove ekoulman dlo ki te chanje anpil nan dènye syèk la. Se pi gwo efò amenajman anviwònman nan monn lan.

Kouman Li Fonksyone: Pwojè CERP yo ap kapte epi estoke otank posib 1.7 bilyon galon dlo fre pa jou ki devèse kounye a nan Oseyan Atlantik ak Gòlf Meksik. Dlo sa a ap estoke nan rezèvwa ki anwo ak anba tè. Lè sa nesèsè, y ap voye li nan marekaj, lak, riviye ak estiyè sid Florid yo – ki bay anpil dlo fre ak pwòp – pandan y ap asire tou alavni rezèv dlo pou lavil ak pou agrikilti.



Koneksyon Avèk Lòt Pwojè: Plis pase 50 pwojè yo ki gen ladan CERP pral travay ansanm avèk anpil lòt pwojè amenajman gouvènman federal, Eta Florid, ak asosye lokal ki planifye pou amenajman anviwònman

Zòn Jeyografik: Plan an kouvri 16 konte sid Eta Florid, avèk yon popilasyon k ap ogmante epi ki gen plis pase 7 milyon moun.



Kote Nou Ye Kounye A: Kongrè a te otorize Plan Detaye pou Amenajman Everglades nan lane 2000. Jodi a, konsepsyon anpil pwojè CERP deja fèt, tè a deja disponib, epi anpil lòt efò ki asosye nan bon direksyon.

Biwo Responsab: Se Kò Enjenyè Fòs Lame Ameriken ki alatèt biwo a, k ap travay avèk Distri Jesyon Dlo Eta Florid ak lòt asosye federal, asosye leta, ak asosye lokal.





Pou Kisa Mwen Ta Dwe Enterese? Everglades se yon kote ki inik – pa gen okenn lòt sistèm marekaj ki tankou li sou tè a. Se abita espès bèt ak plant ki menase. Floridyen yo depannde Everglades pou rezèv dlo, lwazi ak avantaj ekonomik, epi pou amelyore kalite lavi. CERP se sèl plan detaye ki deziyen pou amenaje Everglades.



**US Army Corps
of Engineers**
Jacksonville District

Sèt karakteristik prensipal Plan Detaye pou Amenajman Everglades (CERP) ap travay pou “jwenn dlo a kòrèkteman” – pou amelyore kalite, kantite, debi ak distribisyon dlo a. Chak pwojè CERP gen ladan youn oswa plis nan karakteristik sa yo:

- ◆ **Rezèwva Estokaj Dlo ki sou Tè**
181,300 ak rezèwva dlo anwo ak anba tè planifye pou estoke anpil milyon galon dlo.
- **Rechaj Atifisyèl Nap Freyatik**
Yo pwopoze plis pase 300 pui estokaj dlo anba tè pou estoke apeprè 1.6 bilyon galon dlo trete pa jou nan akwifè ki fèmèn.
- 💧 **Zòn pou Trete Dlo Siklòn**
35,600 ak marekaj atifisyèl ap konstwi pou retire polyan ak lòt kontaminan nuizib nan dlo a anvan li devèse nan Everglades.
- **Re-Itilizasyon Dlo Ize**
Yo pwopoze de (2) plan tretman ki toupre pou resikle plis pase 220 milyon galon dlo ize pa jou, sa k ap ajoute yon nouvo sous gwo kalite dlo pou sid Everglades.
- ★ **Kontwòl Fuit**
Yo pwopoze pou konstwi baryè pou rete fuit dlo rapid anba tè a lwen ak Everglades, ki lakòz jodi a pèt anpil milyon galon dlo pa jou.
- ▲ **Eliminasyon Baryè nan Ekoulman Fèy**
Plis pase 240 mil kannal ak baraj ka retire pou remete ekoulman istorik fèy sou tè atravè marekaj Everglades. Seksyon Tamiami Trail ap elve pou jere ogmantasyon ekoulman dlo avèk karakteristik pwojè CERP yo.
- ✦ **Chanjman Operasyonèl**
Chanjman yo ap fèt nan sistèm jesyon dlo rejyonal nan avantaj Lake Okeechobee, Everglades ak estiyè kostal yo.



The Journey to Restore America's Everglades

A partnership of the U.S. Army Corps of Engineers, South Florida Water Management District and many other federal, state, local and tribal partners.